

Chitsauko 5

Dudziro yetatu

MuGwenga inzvimbo yokuzorora

Akati kwavari: *“Vuyai imi muri moga kunzvimbo murenje, muzorore zvishoma ; nokuti kwakanga kuna vazhinji vaiuya navaienda, vakasava nenguva kunyange yokudya” (Marko 6: 31)*

Muhupenyu hwatinorarama, panenguva inodikanwa kuti tizvitsaure chinyararire. Izvi zvinobatsira kuti uwane nguva yokunyatso- zviogorora hupenyu hwako, nokuwana nguva yokutaura naMwari. Kukohwa gohwo zhinji kunoda mvura pamwe nezuva zvakaringana. Sezvakaita vadzidzi pavaishingaira pabasa ravo, vaisazorora, vachida kuti basa raMwari rienderere mberi. Zvinokosha kuwana nguva yokuzorora munaShe, nokuti unowana mukana wokuzvinzvera pamafungiro, maitiro aunoita, manamatiro nokuwana nguva yokuti uwane simba rokuenderera mberi nebasa raShe . Kunyange Jesu Kristu paakaona vadzidzi vake vashanda zvikuru, vasina kuzorora akati kwavari, *“ Huyai imi muri moga kunzvimbo murenje muzorore zvishoma ”*

Mwari anoziva kana tasvika pakugumirwa

Mwari anoziva zvinoitika kwatiri tikashanda zvakanyanya pabasa rake tisina zororo. Nokudaro, akaita kuti pave nenguva yokuzorora, kuti pawaniswe mukana wokutarira shure kwatakabva, nezvatakaita kuburikidza nenyasha dzaMwari. Izvi zvinotipa kukunda kuzhinji nekukura murutendo rwedu munguva inozotevera . Mwari anoda kuti uve nenguva yokuzorora, uchirarama hupenyu hunomufadza. Panguva iyoyo yaunenge uri pakuzorora, ndipo paunowana kugadzikana kwepfungwa, nokuvandudza hukama hwako naMwari. Kuziva chikonzero chawakadanirwa, nekushumira Mwari uine chido, zvinobva panguva yakadai.

Hongu Mwari anoti, “ *Endai munyika dzose pasi rose muparidzire zvisikwa zvose Evangeri* “ (**Mark 16:15**) Asi , kananguva yauri isingakutenderi kuti uyende kundoparidza, regedza, nokuti haunganoparidza Evangeri yakanaka, iwe pachako usina zvakanaka zvirima. Uyezve hakuna ungape chaasina, kana mweya wako usina zororo. Ko, ungatarisira sei kudanzira vamwe kuti vapinde muzororo raMwari, iwe uchifamba mukuomerwa ?

Zvichida unosundwa kupinda muhushumiri nokuda kokutsvaga chinzvimbo muKereke, uchida kuzviita sokuti unohutsvene kupfuura zvauri. Zve unopa kana kubatsira uine vavairo yokuda kuonekwa kana kugamuchirwa muKereke. Chinodikanwa, kuti iwe utange wakura pamweya norutendo rwako, wodzidza shoko raMwari, kurizwisisa nokuteerera kuti Mwari vanoti kudii pamusoro pako.

Mwari anoziva patinogumirwa pakurarama kwedu. Anoziva kuzvikudza kwatinoita mumafungiro edu . Mukuda kuzviratidza pamberi pevamwe, nokuzvipa “ *tumabasa* ” twakawanda-wanda, nokudzikisira vamwe pamweya yavo, izvozvi zvose zviratidzo zvokugumirwa kwako pabasa raMwari. Zvichida pakuomerwa kwako ndiMwari anoda kukudzikamisa, kuti umbogara pasi urangarire zvakaipa zvaunoita, ugobva mazviri, wochitanga kuteerera nokuita kuda kwake.

Kupinda munguva yokuomerwa, ndipo paunodzidza zvakanaka zvinodiwa naMwari. Vamwe vatendi kana vasina kupfuura nemugwenga kazhinji vanoita zvinofungwa nemoyo yavo, vano zvikudza vachiti, “ *kana ini ndikabva paKereke ino hapana chinozobudirira.* ” Aya ndiwo mafungiro omweya womunhu anozvikudza, asina hwaro hwokudanwa kwake pakushandira Mwari.

Mukoma wemwana muparadzi

Vamwe vedu takafanana nomwanakomana dangwe. Tinonzwa tose mabviro akaita mwanakomana muduku pamusha, namaparadziro aakaita pfuma yake. Asisina chokubata pamwe nokuzvinyarira, akadzokera kumusha achida kunozviita muranda wababa vake. Asi baba vake havana kumupa mukana wakadaro. Panzvimbo yokumuita mumwe wavaranda vavo, vakaita mabiko okugamuchira mwanakomana wavo vachimupa chinzvimbo chake chakare, chokuva mwana kwete muranda.

Zvinonzi dangwe harina kufadzwa nazvo, akatsamwa akaramba kupinda mumutambo wokugamuchira munun'una wake. Zvino baba vake vakabuda, vakakumbira zvikuru kwaari. Asi iye wakapindura, akati kuna baba vake, “*Tarirai, ndakakubatirai makore âwa mazhinji, ndisingatongo-dariki murairo wenyu, asi hamuna- kutongondipa mbudzana, kuti ndifare neshamwari dzangu. Asi mwanakomana wenyu uyu, wakaparadza fuma yenyu nezvifeve, wakati achisvika, mamubaira mhuru yakakodzwa.*”
(Ruka 15:28-30)

Tarirai – rima romweya zvarinoita ! Dangwe rakatarira hukama hwaiva pakati pake nababa vake so hwehuranda. Zuva nezuva airiritira mumunda mababa vake neshungu. Zvichida aishanda aine pfungwa dzokuti aizofarirwa nababa vake zvakanyanyisa. Pamwe zvichida mupfungwa dzake wakachivavo zvakaitwa nomun'una wake, zvokupiwa pfuma yenhake yake nokubva pamusha. Iye dangwe, wakanyatso nzwisisa nokuziva here kuti, munun'una wake wakanga aparadza mari yake yose nezvipfeve ? Nokuti haana kumbowana kana nguva yokutaura naye kana kuva noruzivo kuti waimbogara kupi, sezvo munun'una akasvika nekunababa, iye asipo. Zvichida iye mukoma ndiye aiva noruchiva rwokuti dai aive munun'una, ndiwo maparadziro aaizoita pfuma pachake.

Ndinonzwa kutambudzika zvikuru kwazvo, kuti chii chaizoitika dai mwana muparadzi (wakarasika) akatanga kuona mukoma wake, asati aonekwa nababa achirikure? Ndinodaira kuti haaikwanisa kusvika pamusha, chikonzero, mafungiro emukoma wake. Zvichida zvakakonzera kuti abve pamusha kwaiva kuda kwemukoma wake. Ndinodaro nokuti hapana shoko kana hunhu hwakaipa hwakaratidzwa nababa vake, hungapupure kuti ndibaba vake vakaita kuti mwana apihwe nhaka yake nokubva pamusha . Rangarira kuti mwana muparadzi, paakapiwa nhaka yake haana kubva aenda . Asi, akazobva pamusha kwapera zvimazuva , zvichida zvakakonzerwa negodo nokusafara komukoma. Haana kubva pamusha kuti pave nemukaha pakati pake nababa, akazviita kuti ave kure nemukoma wake! Ndiwo maonero andinozviita.

Heyi pfungwa inotitambudza. Vana vangani munyika yose nhasi, vasiri Mumba maBaba vavo, vakaenda nokuda kwavakuru vari mudziKereke ? Zvichida kusada kudzoka kwavo kunokonzereswa nokutya kuti vachazobatwa kana kugamuchirwa sei, neavo vanoti “ ndakakushandirai

semuranda ndikasatyora mirau yenyu !” Ichokwadi kuti varimo mudziKereke vanodaro !

MudziKereke mune vamwe vakaita sedangwe, vanoshanda “*sevaranda*” kunaBaba vachishingaira, neshungu dzose, zvokuti vanoshaiwa kunyangwe nenguva yekufara vari mumba maShe. Kuna vakadai, havadi kutora nguva yokunzwa kubva kunaMwari, kuti vazvinipise vachitsvaga zvinodiwa naMwari muhupenyu hwavo, vanoti kuramba kuita basa raMwari. Vanorarama vachizviita varanda kwete vana Mwari, vachifunga kuti ndiko kuti vagamuchirwe naMwari. Kana mutendi uine murangariro wakadai, wakaipa chose !

Hama, zvichida nguva yokuva mugwenga inguva inodikanwa naMwari kuti azviratidze kwauri. Harisi basa raMwari raunoita, kuti umufadze, asi kuti moyo wako unofanira kuva wakarurama pamberi Pake. Mwari anokushandura nenzira inoshamisa, muchinyararire kuti munhu womukati avandudzwe . Panguva iyoyo unofunga seuri pakutambudzika !

Nguva yokuva murenje inotipa hushingi nokuramba tiri pana Ishe. Imomotino dzidza zvose zvatinotarisirwa kuita naIshe wedu Jesu Kristu, “*nokuti kunze kwangu hamugoni kuita chinhu .*” (**Johane 15:5b**) Panguva yokunge uri mugwenga , Mwari anoongorora mabasa ako aunoita, aunogutsikana nawo, ipapo, Iye anokuratidza zvaanoda kuti uite.